

GID ACF LA POU

Opsyon edikasyon pou jèn imigran yo ki gen 14 a 21 an

Desanm 2025



Advocates for Children of New York

N a pwoteje dwa chak timoun genyen pou aprann

Èske w ap chache enskri nan yon lekòl nan vil Nouyòk ? Èske w gen ant 14 ak 21 an epi w se yon imigran ki rive nan vil Nouyòk la sa fè mwens pase 3 zan ?

Si wi, gid sa a se pou w !

TAB MATYÈ

Entwodiksyon	3
Ou gen dwa :	3
Opsyon lekòl ou yo	4
Lekòl segondè yo	4
▶ Lekòl segondè entènasyonal.....	5
▶ Lekòl segondè transfè.....	6
▶ Lekòl Segondè Lokal	8
Kòman pou w enskri nan yon lekòl segondè	9
Sant Akèy Familyal yo (FWC selon sig la ann anglè)	10
Diplòm HSE ak lòt pwogram fòmasyon pou jèn ki gen omwen 17 an yo	12
▶ Preparasyon pou diplom ekivalans lekòl segondè (HSE) a	12
▶ Edikasyon debaz pou granmoun (ABE selon sig la ann anglè).....	13
▶ Anglè kòm dezyèm lang/yon lòt lang (ESOL selon sig la ann anglè).....	13
▶ Fòmasyon pwofesyonèl ak teknik (CTE selon sig la ann anglè).....	13
Kòman pou w enskri nan kou ABE, ESOL oswa CTE.....	13
Lòt resous	14
Bibliyotèk leta NYC, Brooklyn ak Queens yo	14
Kikote m ka ale pou m jwenn èd ak dosye imigrasyon yo ?.....	14

Gid sa a pa dwe konsidere antanke konsèy jiridik ofisyèl. Objektif gid sa a se pou rezime politik ak lwa ki deja egziste yo, san pataje pwendevi AFC a. Si w gen yon pwoblèm jiridik, tanpri kontakte yon avoka oswa yon defansè.

ENTWODIKSYON

Gid sa a gen ladan yon seri enfòmasyon sou kòman jèn imigran yo ka enskri nan lekòl leta vil Nouyòk yo. Li dekri pwogram ki disponib pou jèn ki imigre pa two lontan de sa a epi ki gen ant 14 ak 21 an.

Si w gen kesyon konsènan gid sa a, tanpri rele Liy Asistans Edikasyon AFC a gratis ti cheri :

866-427-6033 • Lendi pou jedi • 10zè nan maten pou 4è nan apremidi

oubyen voye yon mesaj ban nou sou sit wèb nou an :

www.advocatesforchildren.org.

Nou ka pale avè w nan lang PA w

Ou gen dwa :

1. Ou gen dwa pou ale nan lekòl leta, **kèlkeswa estati imigrasyon** ou menm oswa fanmi w genyen.
2. Ou gen dwa pou al lekòl **menm si w pòko ale lekòl deja.**
3. Ou gen dwa **pou aprann anglè lekòl la.**
4. Ou gen dwa pou w ale lekòl jiskalafen ane ou vin **gen 21 an.**
5. Si w resevwa sèvis edikasyon espesyal yo, ou gen dwa pou w **rete lekòl jiskalafen ane lekòl kote w pral gen 22 an.**
6. **Si w ap viv nan yon kay tanporè,** ou gen dwa pou w enskri nan lekòl la imedyatman, menm si w pa gen tout dokiman ki nesèsè.
7. Si w p ap viv ansanm ak yon paran, ou ka esnkri nan lekòl la poukont ou. **Ou pa oblije mennen yon granmoun ansanm avè w.**



OPSYON LEKÒL OUYO

Gen Lekòl Leta Vil Nouyòk (« NYCPS » selon sig la ann anglè) ki ka ankadre w epi ede w jwenn diplòm segondè pa w. Si w ta renmen enskri nan yon lekòl oubyen nan yon lòt pwogram fòmasyon, epi si w gen ant 14 ak 21 an, ou gen de (2) opsyon prensipal.

1. Lekòl segondè (ayskoul)

OSWA

2. Ekivalans lekòl segondè (HSE selon sig la ann anglè) ak lòt pwogram pou jèn ki gen omwen 17 an yo

Pi bon opsyon pou w a pral depann de laj ou, ane lekòl ou gen tan fin fè deja yo, lang ou pale yo ak lòt preferans ou yo. Gid sa a gen ladan enfòmasyon konsènan lòt pwogram fòmasyon ki disponib yo nan seksyon ki rele « Lòt opsyon fòmasyon. »

LEKÒL SEGONDÈYO

Lekòl segondè yo se lekòl ki sèvi elèv yo sòti 9yèm ane rive 12yèm ane. Elèv yo dwe kòmanse lekòl segondè jeneralman lè yo gen 14 an epi yo konn pran omwen 4 an pou yo fini. Nenpòt elèv, kèlkeswa lang yo pale oswa kèlkeswa kantite tan li pase lekòl deja, gen dwa enskri nan lekòl segondè NYCPS yo jiskaske yo gen 21 an.

Lè w fin reponn ak tout egzijans gradyasyon yo, tankou fin suiv yon seri kou ak pase egzamen leta yo, yo pral ba w yon diplòm segondè. Yon diplòm segondè ka ede w fè etid inivèsitè, etid pwofesyonèl oswa jwenn yon travay.

NOTE BYEN :

Tout lekòl segondè NYCPS yo GRATIS ti cheri

Gen plizyè kalite lekòl segondè diferan ki ede elèv k ap aprann anglè yo ak elèv ki pi gran yo. Men kèk opsyon pi ba.

► Lekòl segondè entènasyonal

Lekòl segondè entènasyonal yo se yon seri lekòl ki pa two gran men ki bay anpil sipò pou elèv ki imigran ki gen ant 14 ak 21 an yo, epi ki gen mwens pase 4 an depi y ap viv Ozetazini epi k ap aprann anglè.

Lekòl sa yo konn bay diplòm segondè epi yo sitye nan Brooklyn, Bronx, Manhattan ak Queens. Elèv ki nan lekòl segondè entènasyonal yo al nan kou sòti lendi rive vandredi, nòmalman ant 8è nan maten ak 4è nan apremidi. Men sa lekòl sa yo ofri :

- Yon èd adisyonèl ak lekti, pwodiksyon ekri ak matematik
- Travayè sosyal bileng
- Saldeklas ki gen mwens elèv ladan yo
- Estaj peye (ak non peye) ak/oswa opòtinite travay
- Enskripsyon nan kou inivèsite gratis pandan w nan lekòl segondè
- Èd endividalize pou soumèt demann admisyon pou etid inivèsite
- Lòt sèvis ki founi pa yon seri òganizasyon kominotè, tankou èd ak dosye imigrasyon ak lòjman/kay



Lekòl segondè entènasyonal	Adrès
International High School at Union Square	40 Irving Pl, New York, NY 10003
Manhattan International High School	317 E 67th St, New York, NY 10065
International Community High School	345 Brook Ave, Bronx, NY 10454
Crotona International High School	2474 Crotona Ave, Bronx, NY 10458
Bronx International High School	1110 Boston Rd, Bronx, NY 10456
Claremont International High School	240 E 172nd St, Bronx, NY 10457
Pan American International High School at Monroe	1300 Boynton Ave Floor 4, Bronx, NY 10472

International High School at Prospect Heights	883 Classon Ave, Brooklyn, NY 11225
International High School at Lafayette	2630 Benson Ave, Brooklyn, NY 11214
Brooklyn International High School	49 Flatbush Ave Ext, Brooklyn, NY 11201
International High School for Health Sciences	48-01 90th St, Elmhurst, NY 11373
International High School at LaGuardia Community College	45-35 Van Dam St, Long Island City, NY 11101
Flushing International High School	144-80 Barclay Ave, Flushing, NY 11355
Pan American International High School	45-10 94th St, Flushing, NY 11373

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sit wèb Internationals Network la :
www.internationalsnetwork.org.

► Lekòl segondè transfè

Gen **5 lekòl segondè transfè nan vil Nouyòk** ki sèvi jèn yo (nòmalman ant 16 an ak 21 an) ki apenn rive Ozetazini epi k ap aprann pale anglè. Yo rele « Lekòl transfè pou moun k ap aprann anglè (ELL). » Se lekòl ap pentan ki bay yon diplòm segondè.

Lekòl transfè ELL yo konn sipòte elèv ki te gen dwa fè yon bon ti tan san yo pa ale lekòl, oubyen ki pa t janm al lekòl deja. Yo sitye nan katye Manhattan ak Bronx. Elèv ki nan lekòl segondè transfè yo konn al nan kou sòti lendi rive vandredi, nòmalman sòti 8è nan maten rive 4è nan apremidi

Men sa lekòl sa yo ofri :

- Èd pou aprann anglè
- Saldeklas ki piti
- Èd ak lekti, pwodiksyon ekri ak matematik
- Travayè sosyal bileng
- Estajyè peye ak/oswa opòtinite travay
- Lekòl denwi pou elèv k ap travay yo (disponib nan lekòl Manhattan Comprehensive Night and Day)
- Lòt sèvis ki founi pa yon seri òganizasyon kominotè, tankou èd ak dosye imigrasyon ak lòjman/kay

Lekòl segondè ELL transfè ki nan Manhattan ak Bronx yo epi ki ede jèn ki se nouvo imigran :

Lekòl	Adrès	Nimewo telefòn
ELLIS Preparatory Academy (X397)	99 Terrace View Avenue, Bronx, NY 10463	718-220-1889
Emma Lazarus High School (M394)	100 Hester Street, Manhattan, NY 10002	212-925-5017
Manhattan Comprehensive Night & Day (M575)	240 2 Avenue, Manhattan, NY 10003	212-353-2010
Liberty High School Academy for Newcomers (M550)	250 West 18 Street, Manhattan, NY 10011	212-691-0934
Lower East Side Preparatory Academy (M515)	145 Stanton Street, Manhattan, NY 10002	212-505-6366

Gen plizyè lòt Lekòl Segondè Transfè nan zòn Brooklyn, Bronx ak Queens ki konn ap ak akeyi nouvo jèn imigran :

Lekòl	Adrès	Nimewo telefòn
Bushwick Community High School (K564)	231 Palmetto Street, Brooklyn, NY 11221	718-443-3083
Queens Satellite High School for Opportunity (Q338)	162-02 Hillside Avenue, Queens, NY 11432	718-883-1200
Queens Academy High School (Q540)	138-11 35 Avenue, Queens, NY 11354	718-463-3111
North Queens Community High School (Q792)	141-25 77 Road, Queens, NY 11367	718-380-1650
Bronx Community High School (X377)	1980 Lafayette Avenue, Bronx, NY 10473	718-892-1026
Arturo A. Schomburg Satellite Academy Bronx (X446)	1010 Rev. J. A. Polite Avenue, Bronx, NY 10459	718-518-3050

► Lekòl Segondè Lokal

Anplis sa a, gen lekòl segondè nan kominote w la ki konn enskri elèv ki gen ant 14 ak 21 an, ki gen ladan elèv ki se imigran ki apènn rive nan peyi a tou. Elèv ki nan lekòl segondè nan vil la konn al nan kou sòti lendi rive vandredi, nòmalmen de 8è nan maten jiska 4è nan apremidi. Kèk nan lekòl sa yo konn fè kou bileng, epi gen kèk lòt ki gen pwogram espesyal pou nouvo imigran. Lè w vizite yon Sant Akèy Familyal, ou ka mande ki lekòl ki gen pwogram bileng nan lang pa w oswa ki lekòl ki gen pwogram pou elèv ki se nouvo imigran.

NOTE BYEN :

TOUT lekòl segondè nan vil la konn ede elèv k ap aprann anglè yo, ki rele **Anglè kòm yon Nouvo Lang**

Men kèk lekòl segondè lokal ki konn sèvi imigran ki apenn rive nan peyi a :

Katyè	Lekòl nan vil la ki konn sèvi imigran ki apenn rive nan peyi a
Manhattan	HS for Dual and Asian Studies Manhattan Bridges High School Manhattan Academy for Arts & Language Gregorio Luperon High School for Science & Mathematics
Bronx	New World High School Academy for Language and Technology Bronx Bridges High School High School of Language & Innovation International School for Liberal Arts High School of World Cultures Kingsbridge International High School Bronx Community High School
Brooklyn	Multicultural High School
Queens	ATLAS High School Queens High School for Language Studies

Kòman pou w enskri nan yon lekòl segondè

Si w gen ant 14 ak 21 an epi w ta renmen enskri nan yon lekòl segondè NYCPS, ou ta dwe ale nan yon « Sant Akèy Familyal » nan zòn pa w la pou pale ak yon konseyè enskripsyon konsènan opsyon w genyen yo.


Si w chwazi yon lekòl segondè lokal oubyen entènasyonal :

Sant Akèy Familyal la pral ba w yon lèt afektasyon. Lèt sa a pral endike non ak adrès lekòl ou pral asiste a. Ou ta dwe kontakte lekòl la dirèkteman pou fin fè pwosedi enskripsyon an fizikman nan lekòl la.

Si w chwazi yon lekòl segondè transfè :

Sant Akèy Familyal la pral ba w youn oswa plizyè lèt referans. Chak lèt pral gen non ak adrès yon lekòl transfè sou li. Ou ta dwe kontakte chak lekòl epi fikse yon randevou avèk yo pou vizite lekòl la. Lekòl transfè yo konn etabli pwòp pwosedi admisyon pa yo, pou ede yo detèmine si yon kandida byen detèmine te ka byen pwofite antanke elèv nan lekòl yo a.

Sou pwochen paj la, ou ka jwenn yon lis tout Sant Akèy Familyal ki genyen nan vil la, ansanm ak enfòmasyon kontak pa yo. Sant Akèy Familyal yo louvri sòti 8è nan maten rive 5è nan apremidi, lendi pou jedi, epi sòti 8è nan maten rive 3zè nan apremidi le vandredi. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki disponib nan Sant Akèy Familyal yo.



NOTE BYEN :

Si w pa enskri nan okenn nan lekòl ou vizite yo, ou ta dwe **tounen nan Sant Akèy Familyal la pou jwenn plis opsyon.**

Sant Akèy Familyal yo (FWC selon sig la ann anglè)

Sant Akèy Familyal yo louvri sòti 8è nan maten rive 5è nan apremidi, lendi pou jedi, epi sòti 8è nan maten rive 3zè nan apremidi le vandredi. Gen sèvis tradiksyon ak entèpretasyon ki disponib nan Sant Akèy Familyal yo.

Katye	Distri ki sèvi yo	Adrès ak imèl yo	Nimewo telefòn
Bronx	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, 7th Floor FordhamFWC@schools.nyc.gov	718-329-8050
	8, 11, 12	1230 Zerega Ave, Room 24 ZeregaFWC@schools.nyc.gov	718-828-7546
Brooklyn	16, 17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, 3rd Floor OceanFWC@schools.nyc.gov	718-758-7744
	13, 15, 20, 21	415 89th Street, 5th Floor 89thFWC@schools.nyc.gov	718-759-3900
	14, 19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Room 116 StMarksFWC@schools.nyc.gov	718-240-3609
Manhattan	1, 2, 4	333 7th Avenue, 12th Fl., Room 1211 333FWC@schools.nyc.gov	917-339-1763
	3, 5, 6	123 Morningside Drive, Room 235 MorningsideFWC@schools.nyc.gov	332-228-0312
Queens	24, 30	28-11 Queens Plaza North, 3rd Fl. QueensPlazaNFWC@schools.nyc.gov	718-391-6270
	25, 26	30-48 Linden Place, 2nd Floor LindenFWC@schools.nyc.gov	718-281-3538
	27, 28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, 1st Floor SutphinFWC@schools.nyc.gov	718-557-2786
Staten Island	31	365 Bay Street BayStreetFWC@schools.nyc.gov	718-935-3500

NOTE BYEN : Si ou gen mwens ke 18 an epi w gen yon paran oswa yon gadyen, yo dwe akonpaye w lè w al nan Sant Akèy Familyal la pou w enskri nan yon lekòl. Si w gen mwens ke 18 an epi w se yon timoun minè emansipe oubyen ou se yon jèn san akonpayman, ou pa oblije gen yon granmoun majè avè w pou w enskri nan yon lekòl.

Ki dokiman m bezwen pou m enskri ?

Ou dwe pòte dokiman sa yo lè w ap enskri nan lekòl la :

- **Prèw laj elèv la**, tankou yon ak nesans oswa yon paspò.
- **Kat vaksinasyon elèv la**.
- **Dosye lekòl li yo**, ki gen ladan dosye (relvè de nòt) pou lekòl ki andeyò peyi Etazini an si w genyen.
- **Plan Edikasyon Endividyalize a (IEP)** oswa Plan Amènajman 504 la, si elèv la gen youn.
- **Yon pyès idantite** pou paran an oswa gadyen an.
- Ou ta dwe mennen 2 fòm **prèw idantite pou montre ou rete nan vil Nouyòk la**. Men sa ou ka bay kòm prèw rezidans :
 - Yon fakti gaz, elektrik oswa televizyon kab ki pa gen plis ke 60 jou.
 - Yon resi pou peman kòb lwaye ki pa gen plis ke 60 jou.
 - Yon fakti pou enpo imobilye yo.
 - Yon kontra kay, yon ak pwopriyete oubyen yon kontra ipotèk.
 - Yon dokiman pewòl oubyen ki sòti nan yon ajans leta a.
 - Yon afidavi nan men yon moun ou konnen ki rete nan menm adrès avè w. (*Nan ka sa a, yo pral mande w pou w bay 3 fòm prèw rezidans.*)

NOTE BYEN :

Si w ap viv nan yonabri oubyen yon lòt kalite lòjman tanporè, ou pa bezwen **okenn** nan dokiman sa yo pou w enskri

Kisa pou m ta fè si dokiman lekòl elèv la se pou yon lekòl li asiste nan yon lòt peyi ?

Si dosye lekòl elèv la se pou yon lekòl ki andeyò peyi Etazini an, epi si l nan yon lòt lang, ou ta dwe mande Lekòl Leta Vil Nouyòk yo (NYCPS) pou tradwi yo.

Kisa pou m ta fè si yon elèv pa gen dokiman lekòl li yo ?

Si w pa gen dokiman lekòl ou yo pou lekòl ou te asiste nan peyi dorijin ou, lekòl la isit la pa ka refize poutèt sa a. Yo ta dwe enskri w nan ane lekòl ki koresponn ak laj ou a. Ou gen dwa bay dosye lekòl ou yo, si w jwenn yo, aprè w fin enskri.

DIPLÒM HSE AK LÒT PWOGRAM FÒMASYON POU JÈN KI GEN OMWEN 17 AN YO

NYCPS pwopoze yon diplòm ekivalans pou lekòl segondè pou jèn ki pa gen yon diplòm segondè ameriken. Anplis sa a, gen pwogram ki disponib pou ede elèv yo amelyore konpetans akademik pa yo, aprann anglè, epi patisipe nan fòmasyon ki pou ede yo jwenn travay. Tout pwogram sa yo GRATIS ti cheri.

► Preparasyon pou diplom ekivalans lekòl segondè (HSE) a

Si w gen omwen 17 an, ou gen dwa chwazi pase egzamen GED a pou w ka jwenn yon diplòm ekivalans pou lekòl segondè (HSE). Yon diplòm HSE endike ou gen menm nivo konpetans akademik ak yon elèv ki fin fè tout etid segondè li yo. Pou jwenn diplòm sa a, ou dwe pase kat egzamen ki kouvri matyè diferan. Ou ka swiv yon seri kou ki pral ede w prepare pou egzamen sa a nan men NYCPS. Genyen nan kou sa yo ki fèt lajounen, epi genyen ki fèt leswa tou. Kou yo ak egzamen HSE a disponib swa ann anglè, swa an panyòl.

Kou sa yo itil sitou pou elèv ki gen yon nivo kapasite ann anglè oswa ann panyòl deja, ansanm ak konpetans jeneral nan lekti, pwodiksyon ekri ak matematik. Pou aprann plis konsènan kou sa yo, ou ka vizite yon Sant Referans :

Katye	Adrès ak imèl yo	Nimewo telefòn
Bronx	1010 Rev. James Polite Avenue, Room 436 Bronx, NY 10459	718-518-4530
Brooklyn	69 Schermerhorn Street Brooklyn, NY 11201	718-935-9457
Manhattan	269 West 35th Street, 11th Floor New York, NY 10018	212-244-1274
Queens	162-02 Hillside Avenue Queens, NY 11432	929-352-2206
Staten Island	365 Bay Street Staten Island, NY 10301	917-722-3800

► Edikasyon debaz pou granmoun (**ABE** selon sig la ann anglè)

Pwogram edikasyon debaz pou granmoun nan fèt pou etidyan ki ta renmen amelyore konpetans pa yo nan lekti, pwodiksyon ekri ak matematik. Kou sa yo bon anpil pou etidyan ki gen tan gen yon bon ti tan depi yo chita sou ban lekòl.

► Anglè kòm dezyèm lang/yon lòt lang (**ESOL** selon sig la ann anglè)

Kou Anglè kòm dezyèm lang/yon lòt lang yo disponib pou TOUT etidyan, kèlkeswa nivo yo genyen, pou ede yo amelyore kapasite yo a pou li, ekri, pale ak koute ann anglè. Gen kou ki disponib pou tout nivo, sòti debitan rive avanse.

► Fòmasyon pwofesyonèl ak teknik (**CTE** selon sig la ann anglè)

Objektif fòmasyon pwofesyonèl ak teknik yo se pou fòme etidyan yo nan yon seri domenn tankou enfòmasyon, mekanik, ak anpil lòt toujou, epi li destine pou granmoun majè ki ta renmen swiv yon fòmasyon pou ede yo jwenn yon travay.

Kòman pou w enskri nan kou ABE, ESOL oswa CTE

Al vizite yon Sant Enskripsyon Edikasyon pou Granmoun, ki louvri ant lendi ak jedi chak semèn.

	Katye	Adrès
Enskripsyon lajounen (9è nan maten pou 1è nan apremidi)	Bronx	3450 East Tremont Avenue 3rd Fl Bronx, NY 10465
	Brooklyn	557 Granville Payne Avenue Brooklyn, NY 11207
		475 Nostrand Avenue Brooklyn NY 11216
		271 Melrose Street Brooklyn, NY 11206
Manhattan	269 West 35th Street 7th Fl New York, NY 10001 212 West 120th Street New York, NY 10027	
Enskripsyon leswa (5è nan apremidi pou 8è nan aswè)	Queens	27-35 Jackson Avenue Long Island City, NY 11101 142-10 Linden Boulevard Queens, NY 11436
	Brooklyn	271 Melrose Street Brooklyn, NY 11206
	Staten Island	450 St. Marks Place Staten Island, NY 10301
	Queens	90-01 Sutphin Blvd. 2nd Fl Jamaica, NY 11435

LÒT RESOUS

Bibliyotèk leta NYC, Brooklyn ak Queens yo

Vil Nouyòk la gen twa sistèm bibliyotèk leta diferan, epi chak sistèm ofri yon seri pwogram tankou kou Anglè kòm Dezyèm Lang, atelye sou enfòmasyon, ak plis toujou. Ou ka eskane kòd QR yo pou aprann plis konsènan pwogram chak sistèm bibliyotèk la ofri :

**Bibliyotèk Leta
Nouyòk la (New
York Public Library /
NYPL)**



**Bibliyotèk Leta
Brooklyn (Brooklyn
Public Library / BPL)**



**Bibliyotèk Leta
Queens (Queens
Public Library / QPL)**



Kikote m ka ale pou m jwenn èd ak dosye imigrasyon yo ?

CUNY Citizenship Now ofri sèvis èd imigrasyon gratis sou randevou. Pi ba a, w ap jwenn lokalizasyon ak enfòmasyon kontak pou biwo CUNY Citizenship Now ki genyen nan vil la :

CUNY Immigration Center	Lang yo pale (yo)	Telefòn	Orè	Adrès
Hostos Community College	Anglè, Panyòl	718-518-4395	Lendi pou vandredi 9è nan maten pou 1è nan apremidi, 2zè pou 5è nan apremidi	427 Walton Ave., T- 501 Bronx, NY 10451
Medgar Evers College	Anglè, Panyòl,	718-270-6292	Lendi pou vandredi 9è nan maten pou 1è 15	1150 Carroll St., Rm 226 Brooklyn, NY

	Polonè		nan apremidi, 1è45 pou 4è nan apremidi	11225
City College	Anglè, Panyòl, Italyen	212-650-6620	Lendi pou vandredi 9è nan maten pou 5è nan apremidi	160 Convent Ave., North Academic Center, Rm 1-206 New York, NY 10031
CUNY in the Heights	Anglè, Panyòl	646-664-9350	Lendi pou vandredi 9è nan maten pou 5è nan apremidi	5030 Broadway, Ste. H202 New York, NY 10034
Flushing	Anglè, Chinwa, Koreyen, Panyòl	718-640-9223	Lendi pou vandredi 9è30 nan maten jiska 1è nan apremidi, 2zè pou 4è30 nan apremidi	39-07 Prince St., Ste. 2B Flushing, NY 11354
York College	Anglè, Panyòl	646-664-9400	Lendi pou vandredi 9è nan maten jiska 4è nan apremidi	94-20 Guy Brewer Blvd. Jamaica, NY 11451
El Centro Del Immigrante	Anglè, Panyòl	347-825-2086	Lendi pou samdi 7è nan maten pou midi	260 Port Richmond Avenue, Staten Island, NY 10302

Ou ka jwenn gid sa a ansanm ak yon seri resous adisyonèl sou sèvis edikasyon nan Vil Nouyòk la sou sit wèb nou an, www.advocatesforchildren.org.

Misyon nou an

Misyon Advocates for Children of New York (AFC) la se pou asire tout elèv ak etidyan nan Vil Nouyòk yo ka jwenn yon bonjan edikasyon, sitou sa k ap fè fas ak baryè ki anpeche yo reyisi sou plan akademik la, ak yon fokis espesyal sou elèv ak etidyan ki sòti nan fanmi ki pa gen anpil mwayen ekònomik. AFC akonpli objektif sa a atravè kat estrateji entegrè :

- Konsèy gratis ak reprezantasyon jiridik pou fanmi elèv yo ;
- Fòmasyon ak atelye gratis pou paran yo, kominote yo, edikatè yo ak lòt pwofesyonèl yo, pou ba yo tout resous ak zouti yo bezwen pou defann dwa ak enterè elèv yo ;
- Defans politik pou ankouraje chanjman pozitif nan sistèm edikasyon an ak pou amelyore rezilta edikasyon yo ; ak
- Litij enpak pou pwoteje dwa tout elèv genyen pou jwenn yon bonjan edikasyon ak pou fòse leta a pou egzekite refòm ki nesèsè yo nan sektè edikasyon an.

Ou gen plis kesyon ? Tanpri rele Liy Asistans Edikasyon Jill Chaifetz la :

Lendi pou jedi

10zè nan maten pou 4è nan apremidi

866-427-6033 (apèl gratis)

Advocates for Children of New York, Inc.

151 West 30th Street, 5th Floor

New York, NY 10001

Telefòn • (212) 947-9779

Telekòpi (faks) • (212) 947-9790

info@advocatesforchildren.org

www.advocatesforchildren.org